

Nim. 202.16

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifiye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 12 me 2020, sa nou pral site la yo:

- Seksyon 8602 ak 8603 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law), ak seksyon 58-1.5 nan Tit 10 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt moun yo fè tès pou detekte viris SARS-CoV-2, oswa antikò li yo, ki nan espesimèn ke yo te kolekte nan moun ke yo te sispèk ki ap souffri de yon enfeksyon COVID-19; moun ki ap fè tès yo dwe ranpli kondisyon federal yo pou pèsònèl tès ki apwopriye pou etid oswa materyèl ke FDA oswa Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) te otorize yo;
- N'ap sispann epi modifiye Seksyon 711 nan Lwa sou Byen Imobilye ak Pwosedi yo (Real Property and Proceedings Law), Seksyon 232-a nan Lwa sou Byen Imobilye yo (Real Property Law), ak soudivizyon 8 ak 9 nan seksyon 4 nan Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law), ak nenpòt lwa oswa règleman nan tout anplè ke lwa sa yo ta pral otreman kreye yon relasyon lokatè ak pwopriyetè kay ant nenpòt moun ki ap ede fè entèvansyon kont COVID-19 oswa nenpòt moun ki te deplase akòz COVID-19, ak nenpòt moun oswa antite, ki enkli men ki pa limite a nenpòt pwopriyetè otèl, lopital, konpayi lojman san bi likratif, lopital, oswa nenpòt lòt konpayi lojman tanporè ki ap bay lojman tanporè pou yon peryòd trant jou oswa pi plis sèlman nan objektif pou ka ede nan entèvansyon k'ap fèt COVID-19;

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 12 me 2020;

- Depatman Lwa Vil New York la (New York City Department of Law) ta dwe pibliye lèt 'okenn entèvansyon' oswa 'okenn aplikasyon' yo te resevwa pandan dire Dekrè Egzekitif sa a nan yon peryòd 45 jou apre yo te fin soumèt aplikasyon 'okenn entèvansyon' oswa 'okenn aplikasyon' yo ke yo te fè nan Depatman Lwa a pou pwojè esansyèl yo ki enplike lojman ki a pri abòdab ak

abri pou moun ki sanzabri yo. Pou chak aplikasyon ke depatman lwa a bay ki pèmèt aplikan yo solisite fon enterè piblik oswa fon piblik anvan yo ranpli yon deklarasyon y'ap bay oswa pou piblikasyon yon lèt "aplikasyon pa nesèsè". Depatman Finans Vil New York la (New York City Department of Finance) ta dwe trete epi anrejistre deklarasyon batiman pou pwojè ki esansyèl yo ki enplike etablisman lopital oswa swen sante yo, kay ki a pri abòdab, ak abri pou moun ki sanzabri yo nan yon peryòd 30 jou apre yo fin resevwa aplikasyon sa a.

- Nenpòt pati politik, otorite pati politik oswa ofisyèl pati politik, ki, konfòmman a nenpòt lwa gen yon reyinyon ki planifye oswa ki otreman oblije fèt an avril oswa me 2020, ta dwe ranvwaye yo jiska dat 1 jen 2020, san prejidi, sepandan reyinyon sa a ka kontinye si yo ka fè reyinyon an a distans, apati itilizasyon konferans nan telefòn, koferans videyo, ak/oswa lòt sèvis similè yo, epi a kondisyon ke yo konsidere ke avi pou nenpòt reyinyon pati ki dwe fèt a distans yo satisfèzan si avi sa a gen ladan enfòmasyon espesifik sou patisipasyon a distans, epi yo te ranpli li ak notè ak konsèy elektoral la omwen senk jou anvan jou reyinyon an epi yo te pibliye li swa nan piblikasyon jounal yon fwa sèlman nan vilaj la, oswa sou sit entènèt pati a, oswa atravè kourye elektwonik bay nenpòt moun ki te patisipe anvan nan reyinyon an pou ki pati an gen yon adrès imèl elektwonik.
- Pou tout biznis ak antite ki esansyèl yo, nenpòt anplwaye ki prezan nan espas travay la ta dwe jwenn epi yo ta mete mask ki kouvri figi yo lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm popilasyon an. Biznis yo dwe bay, ap pwòp lajan yo, mask pou kouvri figi sa yo pou anplwaye yo. Gouvènman lokal oswa otorite lokal yo ka ranfòse pwovizyon lwa sa a kòm si li te yon òdonans ki konfòm a seksyon 12 oswa 12-b nan Lwa sou Sante Piblik la. Kondisyon sa a ta dwe rantre an vigè nan Mèkredi 15 avril a 8 p.m.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan douzyèm jou mwa avril

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a